

LEMBAR SOAL

Mata Pelajaran	: Bahasa Jawa
Jenjang	: Madrasah Ibtidaiyah
Hari/Tanggal	: Jum'at, 20 Mei 2022
Waktu	: 90 Menit

Tulisen jawaban A,B,C, utowo C sing ko anggep bener ana kotak sing wes disediakake !

1. Teks kang ancane menehi informasi apa bae, bisa wujud lesan bisa uga wujud tulisan utawa gambar kasebut teks
 - a. informasi
 - b. narasi
 - c. deskripsi
 - d. persuasi
2. Ing ngisor iki kalebu jinis teks informasi, kajaba
 - a. teks narasi factual
 - b. teks deskripsi
 - c. teks persuasi
 - d. teks pidhato
3. Ukara-ukara kang njlentrehake prastawa ngenani apa, ana ngendi, lan kapan kedadeyan kang dumadi iku diarani
 - a. pembuka pawarta
 - b. isi pawarta
 - c. penutup pawarta
 - d. salam pawarta
4. Medhia pariwarane sing kacetak ana sajroning kertas yaiku medhia
 - a. elektronik
 - b. cetak
 - c. sosial media
 - d. internet
5. Fungsi pariwarane kanggo menehi penerangan lan informasi babagan sawijining barang kang diwartakake yaiku fungsi
 - a. pemasaran
 - b. komunikasi
 - c. pendhihan
 - d. ekonomi
6. Gatekna ukara ing ngisor iki!
 - 1). Lugas basane
 - 2). Angel dimangerteni lan ditampa
 - 3). Isine direka-reka
 - 4). Narik kawigatenTandha pariwarane kang efektif katunjuk nomer
 - a. (1) lan (2)
 - b. (1) lan (4)
 - c. (2) lan (3)
 - d. (3) lan (4)
7. Aksara Jawa lagi ditulis Santi ing buku tulis. ukara kasebut yen diowahi dadi ukara tanduk, dadi
 - a. Santi lagi nulis aksara Jawa ing buku tulis
 - b. Santi lagi ditulis aksara Jawa.
 - c. Aksara Jawa lagi ditulis ing buku tulise Santi
 - d. Nulis Santi aksara Jawa ing buku tulis
8. Karangan kang duweni ancane menehi pangaribawa (pengaruh) marang kang padha maca supaya gelem melu marang apa kang dikarepake pengarang diarani

- a. teks pawarta
 - b. teks persuasi
 - c. slogan
 - d. pariwara/iklan
9. Ing ngisor iki sing kalebu paugerane tembang macapat yaiku
- a. guru gatra, guru wilangan, guru swara
 - b. guru sastra, guru gatra, guru lagu
 - c. guru gatra, guru wilangan, guru lagu
 - d. guru tembang, guru sastra, guru lagu
10. Cacahe wanda (suku kata) saben sagatra diarani
- a. guru gatra
 - b. guru wilangan
 - c. guru lagu
 - d. guru sastra
11. Ibu lunga menyang pasar.
Ukara mau menawa didadekake basa krama alus yaiku
- a. Ibu kesah menyang pasar.
 - b. Ibu tindak dhateng peken.
 - c. Ibu tindak menyang pasar.
 - d. Ibu kesah teng peken.
12. Gatekna arane tembang ing ngisor iki!
- 1). Campursari
 - 2). Lir-ilir
 - 3). Maskumambang
 - 4). Pocung
- Kang kalebu jinise tembang macapat yaiku
- a. (1) lan (2)
 - b. (1) lan (4)
 - c. (2) lan (3)
 - d. (3) lan (4)
13. Unen-unen sajrone basalan kasusastraan Jawa cacahe ana telu, yaiku
- a. paribasan, bebasan, saloka
 - b. parikan, paribasan, bebasan
 - c. paribasan, cangkriman, saloka
 - d. paribasan, bebasan, pepindhan
14. Mas Bayu ngagem rasukan abrit. Ukara kasebut yen diowahi dadi basa ngoko yaiku
- a. Mas Bayu duwe klambi abang.
 - b. Mas Bayu tuku klambi abang.
 - c. Mas Bayu seneng klambi abang.
 - d. Mas Bayu nganggo klambi abang.
15. Becik ketitik ala ketara.
Paribasan iku tegese
- a. Kelakuhane anak lumrahe tiru-tiru wong tuwane.
 - b. Sing sapa wonge kang tumindak becik bakal diganjar apik.
 - c. Becik utawa ala bakal ketara ing tembe burine.
 - d. Sing becik lan sing ala ora bakal ketok ing akhire.
16. Pakboletus tegese tepak kebo lelene satus. Mangkono iku kalebu cangkriman
- a. wacahan
 - b. plesetan
 - c. pepindhan
 - d. tembang
17. Ciri-cirine cangkriman sinebut ing ngisor iki kajaba
- a. tembung cekak
 - b. unen-unen kang kudu di batang

- c. bisa digunakake kanggo gegojekan
 - d. digunakake kanggo panyandra
18. Jinise cangkriman sinebut ing ngisor iki kajaba
- a. wacahan
 - b. pepindhan
 - c. plesetan
 - d. paribasan
19. Gatekna cakepan tembang ing ngisor iki!
- Bapak pucung, renteng-renteng kaya kalung
Dawa kaya ula
Pencokanmu wesi miring
Sing disaba, si pucung mung turut kutha
Cangkriman kui batangane
- a. odhong-odhong
 - b. mobil
 - c. ula sawa
 - d. sepur
20. Pitik walik saba meja, batangane
- a. sapu
 - b. sulak
 - c. nanas
 - d. taplak meja
21. Joko Seger lan Rara Anteng muja semedi ing pucuke Gunung Lejar. Anggone muja semedi dikantheni rasa temen-temenan supaya kekarone keturunan duwe putra. Sanajan suwene patang puluh dina patang puluh bengi lan akeh panggodane, kakarone tetep mantep muja semedi. Saka perangan crita kasebut sing dadi paraga utama yaiku
- a. Joko Seger
 - b. Joko
 - c. Rara
 - d. Putra
22. Omongan utawa guneman ana ing sangarepe wong akeh kang nduweni tujuan tertamtu diarani
- a. sesorah
 - b. geguritan
 - c. pacelathon
 - d. obrolan
23. Ibu tindak pasar arep ... sayuran.
- Tembung krama sing cocok kanggo ngisi ceceg-ceceg ukara ing ndhuwur yaiku
- a. mundhut
 - b. tumbas
 - c. tuku
 - d. ngasta
24. Bapak ngunjuk kopi ing warung pojok.
- Ukara ing dhuwur nggunakake basa
- a. ngoko lugu
 - b. ngoko alus
 - c. krama alus
 - d. krama lugu
25. Ngunjukake puja puji syukur marang Gusti Kang Maha Agung lan matur nuwun marang para rawuh, kalebu ... pidhato.

- a. pambuka
 - b. isi
 - c. panutup
 - d. dudutan
26. Pidhato kenegaraan diarani pidhato
- a. resmi
 - b. ora resmi
 - c. pribadi
 - d. pemerintah
27. Pidhato sing tanpa persiapan diarani metodhe
- a. naskah
 - b. impromptu
 - c. ekstemporan
 - d. memoriler
28. Ukara ing ngisor iki sing kalebu ukara pitakon yaiku
- a. Ayo budhal sekolah bareng, Gus!
 - b. Naila, Takhsya, lan Eva jajan menyang kantin.
 - c. Dang papaken adhikmu!
 - d. Kowe mau apa uwis sarapan?

Gambuh

Sekar gambung ping catur
 kang cinatur polah kang kelantur
 Tanpo tutur katula-tula katali
 Kadulu warsa kapatuh
 Katuduh pan dadi awon

29. Tembang gambuh ing dhuwur, guru wilangan lan guru lagune gatra ke-2 yaiku
- a. 8 a
 - b. 8 i
 - c. 10 a
 - d. 10 u
30. Simbah ... Semarang ... kreta Argo Lawu.
 Tembung kang cocog kanggo njangkepi ukara ing dhuwur yaiku
- a. lunga, mundhut
 - b. tindak, nitih
 - c. lunga, numpak
 - d. kesah, nitih
31. Gatekna gambar ing ngisor iki!



Gambar pahlawan ing dhuwur asmane

- a. Pangeran Diponegoro
- b. Imam Bonjol
- c. Ki Hajar Dewantara
- d. Pangeran Antasari

32. Gatekna ukara ing ngisor iki!
- Pidhato
 - Wara-wara
 - Pawarta
 - Biografi
- Nyemak crita sing kalebu nyemak intensif yaiku nomer
- (1) lan (2)
 - (1) lan (4)
 - (2) lan (3)
 - (3) lan (4)
33. Pak Herman olehe nyambut gawe nganti adus kringet. Tembung entar kang kacetak miring duweni teges
- nyambut gawe abot banget
 - kringeten koyo wong adus
 - nyambut gawe akeh kringete
 - leh nyambut gawe ora rekasa
34. Numpak becak rodhane bunder
Tuku benik rupane ireng
Paling penak dadi bocah pinter
Bijine apik
Lanjutane parikan ing dhuwur yaiku
- atine seneng
 - atine peteng
 - polahe meneng
 - atine anteng
35. Ing ngisor iki sing kalebu ukara panutup sesorah/pidhato yaiku
- Sugeng siang
 - Para kadang peserta praktik engkang kulo tresnani
 - Bapak Sukadi ingkang kula hormati
 - Makaten atur kawula, kirang ugi lepat nyuwun pangapunten.
36. Bantal emas iku jinising duren unggul kang asale saka Kabupaten Langkat, Sumatra Selatan. Wujude memper kukusan rada dawa. Bobote duren siji udakara telu nganti nem kilogram. Rupa kulite ijo semu kuning nganti kuning banget. Eri kulite cedhak-cedhak. Isine duren bisa tekan patlikur pongge. Ukara pokok wacan kasebut yaiku
- Bantal emas iku jinising duren unggul kang asal saka Kabupaten Langkat, Sumatra Selatan.
 - wujude duren memper kukusan rada dawa.
 - bobote duren siji udakara telu nganti nem kilogram
 - rupane kulite ijo semu kuning nganti kuning banget
37. Dedalane guna lawan sekti
Ukara ing dhuwur guru wilangan lan guru lagune yaiku
- 8u
 - 9a
 - 10a
 - 10i
38. Cebloke mengisor, sing digoleki mendhuwur, batangane
- andha
 - prau bocor
 - gendheng bocor
 - wong dhudhuk sumur
39. Miturut swasanane, pidhato utawa sesorah kaperang dadi

- a. Pidhato kenegaraan lan pidhato perpisahan
 - b. Pidhato ing sekolahan lan pidhato ing manten
 - c. Pidhato pengetan Hardiknas lan pidhato presiden
 - d. Pidhato resmi lan pidhato ora resmi
40. Kanggo persiapane nulis teks pidhato becike gawe
- a. cengkorongan
 - b. gagasan baku
 - c. ukara
 - d. Dudutan
41. Wong sing nindakake pidato jenenge ...
- a. Orator/pambirawa
 - b. Kreator
 - c. Senator
 - d. Promotor
42. Ing ngisor iki sing kalebu strukrur pidhato yaiku ...
- a. Andharan inti
 - b. Rara syukur
 - c. Tujuan
 - d. Dudutan
43. Pidhato iku dibedakke dadi ...
- a. Limo
 - b. Papat
 - c. Loro
 - d. Telu
44. Tembang macapat iku uga diarani tembang ...
- a. Sedeng
 - b. Tengahan
 - c. Gedhe
 - d. Cilik
45. Tembang macapat iku kaiket paugeran ,Salah sijine paugeran yaiku ...
- a. Syair
 - b. Guru gatra
 - c. Diksi
 - d. Gancaran
46. Guru gatra yaiku
- a. Dong singe suwara saben sagatra
 - b. Jumlahhe wanda saben sagatra
 - c. Jumlahhe larik saben sapada
 - d. Jumlahhe bait utawa pada
47. Mijil,Maskumambang, Pocung , iku kalebu tembang ...
- a. Dolanan
 - b. Tradisional
 - c. Kawak
 - d. Macapat
48. Jumlahhe wanda saben sagatra diarani ...
- a. Guru wilangan
 - b. Guru gatra
 - c. Guru lagu
 - d. Guru purwakanthi

49. TembangMijil iku gambarne wong kang ...
- a. Wes setengah tuwo
 - b. Wong nomnoman
 - c. Wong kang lagi lahir
 - d. Wong kang wes tuwo
50. Tembang macapat iku cacahé ana ...
- a. 8
 - b. 11
 - c. 3
 - d. 5